# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 54-55 (10220-10221) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2021 сон. 10 сентябрь / Рузман


## *8 сентябралда 98 сон тIубалаан Расул ХIамзатовас*



1923 соналъул 8 сентябралда ЦIада росулъ цIар рагIарав магIарул рагIул устар ХIамзатил хъизамалда дунялалде вачIинчIевани, жиндир гьитIинаб ватIаналъул бищунго машгьурал васазул цоявлъун вукIине хъван батарав, Расулин цIар лъурав вас, Россиялъулги, тIоцебесеб иргаялда, Дагъистаналъулги къисмат, щаклъи гьечIого, букIинаан тIубанго батIияб. Расул гьечIого улкаялъул тарихалъул чвахи хисизе бегьулаанин абулеб мех гуро гьаб. ХIамзатил вас гьечIого Дагъистаналъул, магIарулазул дунял букIинаан батIияб, Къудукьа Мусалав, ГIаймакиса Абубакар-хIажияв, Хунзахъа Дибир-къади, Генуса имам Шамил, Инхоса ГIалихIажияв, ХъахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат гIадал кIудиял цIараздаса гьеб махIрум гьабураб мехалда, гьеб батIияб букIине букIарабго гIадин. Гьелдаго цадахъ, Расул цо кьерда вахъун чIун вуго жал гьечIого гьанже заманалъул Россиялъул ва дунялалъул адабиятги, культураги ва тарихги цебечIезабизе кIоларел хъвадарухъабигун цадахъ – Шолоховгун, Фадеевгун, Маршакгун, Твардовскийгун, Симоновгун, Мустай Каримгун, Чингиз Айтматовгун, ГьерекIли Абашидзегун, Фаиз АхIмад Фаизгун, Пабло Нерудагун, ГIазиз Несингун, Яшар Кемалгун ва цогидалгун. Дагъистаналъул тIолабго тарих борцуна Расулиде щвезегIан заманалдалъунги Расулидаса хадусеб заманалдалъунги. МагIарул халкъалъул, Дагъистаналъул ахлакъияб хазинаялъулъ гьес лъураб бутIаялъул кIодолъиялъ, гьеб сундалъун букIаниги борцине рес гьечIо. Расул гьечIеб Дагъистан – гьеб буго батIияб Дагъистан: цогияб, лъалареб, ругьунаб гуреб, чияраб. Гьеле Расулихъа гурони бажаричIо, басрияб тIехь гIадин, Дагъистан рагьизе, гьелъул къиматал хъвай-хъвагIаял баян гьаризе ва гьел инсаниятальухъе щвезаризе. Жиндирго тIолабго берцинлъигун ва кIодолъигун гIасрабазул накIкIулъан загьирлъана Дагъистаналъул гьумер Расулил адабияб гьунаралъулъ. ГIемер вукIунаан Расул хIалхьи гьечIел сапаразда. Гьес лъазабуна дунялалъулго гIадамазул гIумруги, гьезул унтиги, бухIиги. ШагIирас гьабураб цо кочIолъ руго гьадинал мухъал:

Бице, эбел ВатIан, бице, Дагъистан,
Мун разияб гьечIищ дур васасдаса?
МустахIикъав вугищ дун дур цIаралъе,
ЦIадулъ парпадулел дур байрахъазе?
Дур къварилъиялъе, дур рохелалъе,
Черхалда гIасрабаз лъурал ругъназе;
Гьал дур кьурабазул кьватIалабахъан
Кидаго бецIцIулеб бацIцIадаб магIий?

Гьел рагIаби цIалулаго, бичIчIулеб буго гIагараб ВатIаналъе ритIухъав васас балеб гьа, ва гьеб тIубазабизе гьев налъулав вукIин. Гьединал, гьвариdab магIнаялъул рагIаби гIемер абуна хирияб ракьалъул, гьелъул бахIарчиял ва гIакъилал гIадамазул, гьезул бергьенлъабазул ва гьунаразул хIакъалъулъ пикрабалъ восун вукIарав халкъалъул вакилас, шагIирас. РекIелъ кинаб асаргун бахунеб дуца рукъалъул каву, гIагараб Дагъистаналъул гIурхъийилан, иргадулаб сапаралдаса вуссарав Расулида гьикъараб мехалда, гьес кьун буго гьадинаб жаваб: «Кинаб сапаралъ вахъунев вугониги, дида ракIалде щола нахъа толеб магIарул росулъ рокъоб эбелалъ кIибикIулеб кини ва гьеб кинидахъ гьелъ ахIулеб хIайранаб кечI. Кини кIибикIула лъимер кIудияб гIезе, кечI ахIула гьелда гIумруялъул магIна жеги гьитIинго бичIчIизе», – ян. Жиндирго хасаб акцентгун, магIарул куц-мухъгун, кьогIаб юморгун, пасихIал шигIрабигун гIагарав вукIана гьев «Балтикаялдаса Сахалиналде щвезегIан» кIудияб пачалихъалъул щивав ватIанчиясе. Гьев лъугьана гьанже заманалъул адабияталъулъ жинда рельлъараб батизе захIматаб асарлъун, унго-унгояб хIикматлъун. Гьесул машгьурлъи цIикIкIунеб букIана къоялдаса къоялде, тукабазда гьесул тIахьазда хадур рукIунаан халатал иргаби. МагIарул шагIирасул щибаб басма, къватIибе бачIун чанго моцI баледе, лъугьунаан библиографияб къанагIалъилъун. Расулидехун букIараб тIолабго халкъалъул рокьи букIана ракI-ракIалъулаб ва лъицаниги рекIинабичIеб. Расулил кIудияб гьунаралда жанисанин тIолабго дунялалда бихьараб Дагъистанги, гьелъул миллияб культураги, хаслъиги. ШагIирасул хъвадарухъанлъиялъулъ аслияблъун букIана Дагъистаналъул сипат. Гьесие Дагъистан букIана нух бихьизабулеб цIвалъунги, дугIалъунги, хьуллъунги ва кечIлъунги:

Европаги сверун, гIураб росулъе
Дун вуссанщинахъе, дихъги балагьун,
Дида, дир Дагъистан, дуца гьикъула,
Гьаб ракьалда бищун щиб бокьарабин?
Дун борхатаб мугIрул тIогьив вахуна,
Тамахаб гьороде керен чучула.
Дица жаваб кьола дуе, Дагъистан,
Гьаб ракьалда бищун мун бокьулилан.
Дир борхатаб тIалъи, дудехун бугеб
Гьаб дир рокьул дица бицуна дагьаб,
Каранда гьалдолел гьал рагIабазул
ГIемер абун хадуб багьа хвелилан.

Расулил Дагъистан – гьеб ккола унго-унгояб, хIакъикъияб, ритIухъаб Дагъистан, гIакъилал, гучал ва лъикIал гIадамазул улка. ХIамзатил Расулица жиндирго гIумруялъул мисалалдалъун киназдаго бихьизабуна кигIан гIемераб жо бажарулебали цо инсанасухъа, жиндир ярагълъун шигIрияб рагIи бугони. Дунялалдаса ана магIарул кIудияв рагIул устар, кIудияв инсан, ЦIада росулъа Дагъистаналъул халкъияв шагIир ХIамзатил вас Расул. Гьаб дунялалда тIамураб жиндир гIумруялъул 80 соналдаса гьесда кIвана тIубанго пайда босизе. Расулица хъвана гIемерал пагьмуял, тIадегIанаб даражаялъул асарал, ва гьеб къимат кIудияб ирсалда тIад ургъизеги гьелъие къимат кьезеги нилъееги нилъедаса хадур рачIине ругел наслабазеги къваригIине руго жеги гIемерал санал.

**П. Камилова**

# ШАМСУДИНИЛ ГЬУНАР



*Муни росулъа Расулов Шамсудин вуго Аллагьас батIи-батIиял гьунарал кьурав гIолохъанав вас. Гьесухъ буго маххул устарлъиги, цIулал устарлъиги ва суратал рахъизе махщелги.*

*ГьитIинго, гьав вукIунаан цIулал, маххул, щиб бугониги гьабулев.*

*Муни гьоркьохъеб школа лъугIигун цIализе ана МахIачхъалаялде «Автодорожный колледжалде».*

*Школалъул мугIалимзабазеги, цIалдохъабазеги, росдал гIадамазеги чара-рес гьечIев гIолохъанчи вугоан гьев.*

*Жиндирго гьунаралдалъун гьав загьирлъана росулъ, ва гIадамазул ракIал цIазе гьаруна гьас жиндехунго. Гьас гьабулаан гIадамазе цIилицIал, цIулал корзинаби, рахъулаан суратал ва гь.ц. ХIажат ккун жиндихъе рачIарал нахъе чIвалароан Шамсудиница.*

**Шамсудин, кида ва кин росулъ загьирлъарав мун, ва сундалъун дуца гьунаралъе авал лъураб?**

Дида гьитIинав вукIадго бичIчIана, дие Аллагьас гIажаибаб гьунар кьун бугеблъи, загьирлъана гьеб дун щуабилеб классалда цIалулев вукIарав мехалъ, нижер мугIалималъ мероприятиялде цIулал машина гьабеян дида тIадкъан тун букIана. Дида тIадкъан букIараб иш тIубазе гьабун дица гьеб гьелъухъе бачIана, ва гьей цIакъ разилъана дир хIалтIудаса. Гьединан, гьелдаса хадуб дагь-дагькккун цогидал учительзабазги кьезе байбихьана дие хIалтIаби.

**ГIадамазул заказазда рекъон, цоги кинал жал гьарулел рукIарал дуца цIулал?**

Дица гьарулаан рицIигъотIол гIаркьелазул корзинаби,самовар, масала, трудалъул мугIалимасе конкурсалде битIизе дица гьабуна самовар, цойги мугIалималъе цIулал цIум.

**РицIигъотIол гIаркьелал кисан дуе щолел?**

ГIурул рагIалда цIун ругоан рицIигъутIби, гьениве унаан дун гьел къотIизе.

**Маххул кинал жал дуца гьарулел?**

Маххул гьарула дица гьудал,гIучIал,гъадараби, нусал, ва гь.ц. Школалда цIалулев мехалъ «Международная выставка» абураб конкурсалде битIизе гьабуна дица маххул трактор. Гьединго конкурсалде гьабуна пилесосги, блендерги.

**Гьанже суратал рахъиялъул бицеха?**

Дица рахъула, тIабигIат, инсан, хIайванал. Суратал рахъи дие бищунго бокьулеб иш буго.

**Кинал конкурсазда мун гIахьаллъарав ва кинал бакIал дуе щварал.?**

Дица гIахьаллъи гьабуна гIемерал конкурсазда. МахIачхъалаялда тIобитIараб «Рисунок на асфальте» абураб конкурсалда ккуна тIоцебесеб бакI.

Болъихь «Международная выставка» конкурсалда ккуна тIоцебесеб бакIблендералъухъ. Гьединал, бакIал ккурал конкурсал рикIкIун бажаруларо.

**ЩIалулеб бакIалда лъалищ мун гьединаб гьунар бугев вас вукIин?**

Киназдаго лъалароан, амма нижерго классалдаги ва цо чамалиго учительзабаздаги лъала.

**Гьениб учительзабаз кьолищ дуе хIалтIи, гьабулищ заказал?**

Цо учительницаялъ гурони кьечIо, гьелъиеги бахъана дица тIабигIаталъул сурат гьельдасаги жий цIакъ разилъараб.

**Автодорожный-ялде цIализе ун ,гьеб гьунаралъе ахир щай лъураб дуца?**

Ахир лъечIо. Дида ккола тезецин кIоларилан бугеб махщел. Дир гIемер планал руго. Дир жеги росулъ буго нижерго росдал мажгит гьабулеб хIадурарал тIагIелал Аллагьас хъван батани дица жигар бахъила гьеб иш цебетIезабизе, Ин ша Аллагь.

**Аллагьас дуе тавфикъ кьейги, гьабулеб дандебилъайги. Амин.**

**М. Расулов**









# АБАДИЯЛЪ ХУТIИЛА ХАЛКЪАЗУЛ РЕКIЕЛЪ



*МагIарул чиясе кидаго хирияб ва къиматаб букIана жиндирго калам. Гьелъул хиралъи бихьизабулеб хIужжалъунги ккола нилъерго мацIалда рахьдалабин аби.*

*МагIарул адабияталъул тарихалда жанибги тIоцебе рахьдал мацIалъул тема борхарав, поэзиялде жанибе гьеб бачарав хъвадарухъанлъунги ккола ХIамзатил Расул.*

*Расулица "Авар мацI" хъвараб мех букIана нилъер культураялъе, мацIазе бищун захIматал заманабазул цояб. Миллиял культурабаздегун, мацIазде тIаде гьужум байбихьарал, араб гIасруялъул 50-абилел сонал.*

*Миллияб буголъи, ай мацI цIуниялъул гимнлъунги лъугьана гьеб кечI, авар мацI бокьулев щивав чиясе. Гьединазул цояйлъун ккола Шодрода росдал гьоркьохъеб школалъул географиялъул мугIалим Зульфия Ибрагьимоваги.*

*Р. ХIамзатовги авар мацIги гьеб кIиябго тема цоцада хурхараб букIиналда бан Расулил къоязда хурхун нижер мухбиралъ гьитIинабго гара-чIвари гьабуна гьелъулгун.*

**Зульфия, жеги школалдасанго лъала авар мацIалдеги, адабияталдеги дур бугеб рокьи. Рокьи лъаялда цадахъ букIунеб жо букIин хIисабалдеги босун кьолеб суал буго. Кин ва кида бижараб "Авар мацI" абураб кечI?**




Гьеб кечIалъул къисмат гьадинан хъван батана дида. 1959 соналда, "БагIараб байрахъ" газеталъул редакторлъун вукIун вуго, машгьурав хъвадарухъан МухIамад Шамхалов. Рахьдал мацIалда сверухъ лъугьараб ахIвал-хIалалъ рахIат хвезабурав гьес цо сордоялъ ахIун буго ХIамзатил Расулихъе ва абун буго:

"Расул, мун вуго машгьурав инсан, духъ гIинтIамула тIадегIанал идарабазги, политиказги, интеллигенциялъги, гIадатиял гIадамазги. Дуда бихьуларогунищ бугеб гьаб нилъер рахьдал мацIалда чIезабулеб бугеб къо? Щай мун вуцIухIун чIолев? Щай дуца, шагIирас, гьелда тIасан абулареб дурго хIакъаб рагIи?"-ян.

Нахъисеб къоялъ Расул вачIун вуго редакциялде ва МухIамадида цебе лъун буго "Авар мацI" абураб жиндирго кечI. Ва, гьениб шагIирас жиндехун хитIаб гьабулев вугев чи ("лъаларо, МухIамад, цогиязул иш...") ккола МухIамад Шамхалов. Гьед ин цо кIудияв магIарул рагIул устарас абадиябльун гьабуна цогигидав машгьурав магIарул хъвадарухъанасул, гьайбатав инсанасул цIар.

**Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,**
**Амма дица дирго рахьалъ абила:**
**Метер магIарул мацI хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун.**

**Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,-**
**Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?**
**Щай, дир магIаруллъи, магIарул чагIаз**
**Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?**

**Щай дие гьал мугIрул, гIурул рагIалда,**
**ГIагараб магIарул кечI рагIичIони?**
**Камилаб гьаракьалъ нилъер кьерилаз**
**Кьурул рагIалда чIун гьеб ахIулеб куц!**

**-Дудаги ракIалда ратила "Дир Дагъистан" абураб тIехьалда ругел калимаби:**

**Азарго нухалъ хур бекьун батани, азаралда цо абилесе гьеб бекьизе азарго нухалъ бигьаяб букIина. Азарго кечI хъван батани, азаралда цо абилесе гьеб хъвазе азарго нухалъ захIмат букIуна" Щай абуни, адабияталъул тушман буго такрарлъи. Такрарлъи гьечIев, хаслъи бугев поэтлъун вихьулищ дудаго Расул ХIамзатов?**

Узухъда, гьесул асаразулъги, Расул ракIалде щвеялъул поэтаз рехсолел лахIзатазулъги якъинго загьирлъула расулил хаслъи. БукIа шигIру, букIа махсаро, гьеб букIунаан жиндилъ такрарлъи гьечIеб.

Цо нухалда Расул ХIамзатовас гьикъун буго цоясда цо пуланай шагIиралъул дуе бокьулеб кечIго бугищан.

-Буго,-ян абун буго гьес,-рос хвараб мехалъ, гьелъ гьабураб магIу бугин гьанжеги

-ВахI! Долъул рос хвезейищ хварав?-абун суал кьун буго Расулица.

-Цевего хвана,-ян жаваб кьун буго дандиясги.

-ХвечIого кинха гьев пакъир вукIинев, щибаб къойил долъухъ валагьизеги, долъухъ гIенеккизеги кколев вукIарав чиян велъун вуго Расул. ГIемерал рагIуна нилъеда «Расулица абуна…» абурал рагIаби. Лъица бугониги бицине байбихьидал бокьула, кинабгоги кIочон тун, хIасратго гIенеккун чIезе. Унго рекIее гьабулеб асар гьел бегIерал, гIакъилал, гIужда щолеб чIор гIадал, гIажаибго пасихIал рагIабазги, биценазги, абиязги.

Цо нухалда рагIараб Расул ХIамзатовасул махсарохочIалъул калам кидагоялъего хутIула рекIеда бикIун.

**ШагIирасул сатира, басня, эпиграмма, гьес жинцаго абухъе, квешлъиялде, хIалихьалъиялде , ццидаде данде кьвагьулеб таманчалъунги гIарадалъунги букIанин абилааниш дуца?**

Абилаан. Хъвадарухъанлъиялъул авалалдасанго байбихьана Расулица квешлъиялде данде рагъ, гьеб рагъ бечелъана ва щулалъана бикъа-хъами, цIогь, мацI цIикIкIине байбихьарал соназ. "ГIахьалаб чед" абураб тIехьалда бахъун букIана гьединал кучIдузул тIел: "МагIарулаз жужахIалде щал рехулел?", "ЦIогьазул кечI", "ЖахIда". Халкъалъ гьел жидерго пикрабилъунги рикIкIана, ярагълъунги хIалтIизаруна:

**БоцIуца гIорцIарал, цIогьалъ ццулъарал**
**БацIазда, гарцIазда цо гарацI базе,**
**Гьал мацIихъабазул, хIел-хIел чагIазул**
**ХIалихьатаб чIанда къине гьабизе.**

**Гьал пударухъаби, гьал гьерсихъаби-**
**Гьаркьагъунел гъудул гъугълъизаризе.**
**Щиб жо гьекъонали дица лъаларо,**
**Гьал даим мехтарал ригьинаризе.**

**Кидаго МахIмудил асараз асир гьабураб дур рекIее Расулил творчество бокьиялъе ккараб гIилла щиб?**

"Расул ХIамзатовасул асаразулъ МахIмудил сипат" абураб Чакар Юсуповалъул макъала цIалулаго рагьана дие Расулил асаразул берцинлъигун гъварилъи.

МахIмудил хIакъалъулъ хъварал кучIдузул тIелалда гьоркьоб тIаде ракI цIана "МахIмуд, дуда хадув дун гIодиларо..." абураб, гIемерго кIудияб гьечIеб, амма гъваридаб философияб магIна жиндилъ лъураб, битIахъего, шагIирасдехун авторас хитIаб гьабун хъвараб кечI.

Гьединго гьесул ругоан кицабилъун лъугьарал калимаби: "Марям" хъван хадуса хваниги кIвар гьечIо" ва махсародулаб: "Пушкинида дун гурхIула, гьесда МахIмуд лъалев вукIинчIо".

Дидагойин абуни, ракIалда ккола МахIмудие Муи киннигин Расулие Дагъистан бокьулеб букIанин. Гьелъие нугIлъунги дица рачинаан, гIумруялъул ахирисел соназда Расул ХIамзатовас хъварал кучIдузул цоялда ратулел гьал мухъал:

**Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун,-**
**Дида хвел кIалъала: "Хал гьабилин духъ".**
**Дун гьелда велъула, дир лъимал гIелин**
**Унелгин рачIунел поездал ругин.**

**Лъикьаго, сункьаго хIинкъуларо дун,-**
**ХIасратги канлъиги буго дир каранлъ.**
**Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун,-**
**Дагъистан кидаго буго дир берзукь.**

Расулил берзукь Дагъистан киннигин абадиялъ хутIила Расулги халкъазул рекIелъ.

**З. МухIамадова**

# ДИР ДАГЪИСТАН

**Гьаниб бегараб лъимер**
**Лъабго рагIи абичIеб.**
**Лъабазарго абила**
**ГIедалго гьас ракьалда.**

*(Киниялда хьвай-хьвагIай)*
*МацI лъачIого гьабичIо гьаб дуниял.*
*РагIи букIинчIебани, дунял гьадинаб букIинароан. МацI лъачIого кечI гьаби, лъим лъачIого, гIурулъе лъугьин буго.*

Цо-цояз мацI букарун хьвала кучIдул. Гьезул мацI релълъуна къвачIинибе бараб цIулакьоялъул хьуялда. Гьезда дунялалда щиб лъугьунеб бугебали бихьуларо, рагIуларо, лъаларо. Бералги гIундулги кIиго ругелъул, кIалъалелде цин цебе балагьизеги гIенеккизеги ккола. Ца таралъ мегIер толелъул, мацI рекIеда ччвичIого, авлахъалде, квелъ бахъун, биччан тезе бегьуларо. ГIакIа ккезе бегьула .
РагIи - гьеб буго магIна, нагIана, барки, пикру, унти, сурат, берцинлъи, бакъан, гьаракь. РагIи - гьеб буго тIехь.

**Дунял гьабилалде, дида рагIана,**
**РагIи букIанила цебе абулеб:**
**Я амру лъаларо, я гьа лъаларо,**
**Я гьари лъаларо, я как лъаларо.**
**Гьаб бидулъ босараб, ругъназул цIураб**
**Дуниял цIунулеб рагIи анищ цо,**
**Жибго амру гIадаб, жибго гьа гIадаб,**
**Жибго гьари гIадаб, жибго как гIадаб.**

Цо дир гьалмагъас абуна, жиндир рагIуе хважаин жив вугила, бокьани ккелила къураб рагIи, бокьани хвезе телила. Щивав чи жиндирго рагIабазул бетIергьанлъун вукIине ккола. КIиго батIияб гьаялъул цо хважаинлъун хьвадарухъан вукIине бегьуларо. Гьа кIиго букIунаро, цо букIуна. ГIемер гьедула цIогьорги гьерсихъанги. Гьаб тIехь тIимугъ батани, дица гьеб букъулеб буго магIарул мацIалъул куназ. Гьаб тIехь тIанса батани, дица гьеб бессулеб буго магIарул мацIалъул куназ. Цо кидаялиго гьаб мацIалъ эркенлъиги, чилъиги, гьудуллъиги, гIумруги цохIо магIнаялъул рагIабилъун рукIана. Амма гьаб гьитIинаб халкъалъул мацI мискинаб бугилан цогидаз абизе те. Гьаб мацI дие бечедаб, хирияб буго. Гьаб мацIалъ загьир гьабула дица дир пикру, рекIел асар, рокьи, щцин… Дагъистаналда руго лакал абураб гьитIинаб миллат. Гьезул мацIалъ кIалъала 50 азарго чи. Гьай-гьай, гьеб тарих мухIканаб гьечIо, гьезда гьорлъ жеги мацI лъаларел лъималги лъараб кIочон тарал цо-цо тухьулабиги руго. Гьеб халкъалъул чагIи дагьал ругониги, дунялалда кирго дандчIвазе бегьула. Керда махщел бугел, тIагъразул, хьитазул, пахьул, гIарцул, кочIол устарзаби, мискинлъиялъ, къварилъиялъ дунял сверизе тIамуна. Харбуз хьвалхьани, гьелда жанисанги тумав кIанцIун вачIунилан абула дагъистанияз. Сапаралъ унев васасда лаказул цо эбелалъ абун буго: - Доба шагьаразда кIудияб гьадриниса гьудги бегьун, чурпа хулеб мехалъ, хал гьабе, дир вас, гьелда гьорлъ нилъер чиго гьечIищали.

**Бицуна:** Москваялда лъаларо, Парижалда лъаларо, тирулаго цо лакасда вихьун вуго Дагъистаналъул формаялъул, гIагараб бакIалъул махI-хасияталъул чи. Вохун гьесда аскIовеги вачIун, гьав кIалъазе лъугьун вуго. КIалъан вуго лак мацIалда,- дандияс жаваб кьун гьечIо. КIалъан вуго гIурус мацIалда, гьалмагъ гIенеккун чIун вуго. КIалъан вуго турк мацIалда, гьес бетIер хьвагIун буго. КIалъан вуго лъаргI, лезги, гIараб... гIемерал мацIазда. Гьев вуцIцIухIун чIун вуго. Ахирги лакав, гьасул пайда гьечIилан, хьулкьотIун нахъе унеб мехалъ, дандияс гьикъун буго:
- МагIарул мацI лъаларищ дуда?
Лакас абун буго лъаларин.
- Огь, щибго жо лъалареб варани,- ян абун буго гьев лакасда жиндаго батIияб мацI лъаларев магIарулас.

Дун гьедин абулев гуро, дие киналго мацIал, киналго цIваби хирияб руго. Амма щивасул жиндирго мацIги жиндирго цIваги буго. Дир мацI - гьеб магIарул мацI буго. Гьеб дие бокьула. Бокьула гьитIинаб халкъалъул гIагараб мацI. ТIинал мугIруздаги меседяб-якъут батулилан абулел геологазда дун божула. ГIадамазе жидерго мацI хирияб бугин абураб жо ккола эбел-инсуе лъималги, лъималазе эбел-эменги хирияб ругин абураб гIадаб жо.
- Я, бетIергьан Аллагь, эбелалъул мацI лъагеги дур лъималазда, – ян хьандон йиго цо магIарулай цогиялде. - Дур турщузда лъарабги кIочон таги, - ян абун буго гьелда цогиялъ...

**Блокноталдаса:** Дица «МагIарулай» абураб пьеса хьвалеб мехалъ, дие къваригIун букIана цо щидалай гIаданалъул кIалдиб лъезе хьандей-нагIана. Лъалей гIаданалъ, лъалел чагIаз гьединай гIадан йигеб бакIги бицун, цо пуланаб кьоялъ дица магIарул росулъ гьелда гьоболлъи бана ва дирго мурад бицана. Гьелъ абуна: - Вай, дур мацI бахъаяв, вай, дуда гьудулалъул цIар кIочаяв, вай, къваригIелалъ витIарада дуца абураб гIаксалда бичIчIаяв, сапаралдаса вуссарав росулъе щолелъул салам кьезе кIочон таяв, кIалдиса цабиги роргун, пештIелев хутIаяв!.. КъварилъичIого, дун кин гIодилей, йохичIого, кин елъилей, чи хвечIого, гьабулеб магIу щиб букIунеб? Щинго бахъинчIеб нагIана-хьамиги кинаб дица дуе гьабулеб? – ан. Гьеб хьамиги нагIанаги дие гIун бугин, баркалаян абун, дун нахъе вилълъана. Щинго бахъинчIого, гьадин хьандарай магIарулалъ, щцин бахъун хадуб щибдай хьвагIилаан.

* * *

МагIарул хьандеязулги нагIанабазулги тIехь гьабуни, гьеб цIалулел, цIуне гьениб бугеб бегIераб цциналдаса: цояз рухьула, цояз кьотIула, молотIа лъола, хабада заз бижула, берал гьадринире ртула, бутIрул кIкIалахъа эхере гирун, ганчIалъ рилула. Киналго хьандеязулъ, рагIабазулъ тIадехун рехсараб нагIана, нагIанабазул нагIаналъун рикIкIуна. Гьединал нагIанаби жиб-жиб росулъ жинди-жиндир руго. Гьале гьездаса цояб: - Я Аллагь, мацI малъизе чи тIагIун хутIаги дур лъимал, - ан абун буго цоялъ. - Малъараб босизе чи тIагIун хутIаги дуралги, - ян данде жаваб кьун буго цогидалъ. Гьеб чIобогояб хьами, нагIана гуро. МагIарулаз, хIакъикъаталда, хIурмат тола гIагараб мацIалъул хIурмат тарасул, магIарул эбелалъцин цIалуларо квешаб мацIалъ хьварал васасул кучIдул.

**Цо мисал:** Парижалда дида дандчIвана Дагъистаналдаса цо художник. Революция ккун цодагьал сонал аралго, гьев Италиялде цIализе витIун вуго. ЦIалун вахъараврго, гьунар бугев художник, цо италияйги ячун, гьенивго чIун вуго. Бакъараб, къваридаб ВатIаналъул цIияй законазда рекъечIого, кьватIисел улкабазул тахшагьаразда тирулев хутIун вуго. Дида рихьана гьесул хIикматал, кьватIир рарал соназул пашманал хIасилал. Гьел суратазда «Хирияб ватIаналъухъ рекIел чIалгIен» абураб цIар лъун буго. Цо сураталда йиго жиндирго италияй: магIарул миллияб, некIсияб парталалъулъ, гьоцIдерил гIеретIги гьежда лъун, ищухъ лъел цIолей, пашманго гьелда сверун буго росу, гIаздал мегIер, кьурабазда накIкIал. - НакIкI - гIодизе къачIарав дун вуго, - ян абуна художникас. Цоги сурат буго, ганчIилъ бижараб бегIераб зазидаги чIун, кечI ахIулеб хIанчIил, рукъалъул гордухъан къваридго гьеб хIанчIихъ ялагьарай магIарул чIужугIаданалъул. Гьеб сурат, цебегосеб магIарул кици ракIалдещун, гьабураб бугилан бицана художникас. Кинаб кициян гьикъана дица. - Гьиналъ ккураб хIинчI, хьуриялъубги тIамун, хьихьун буго. Амма хIинчI эркенлъи гьечIеб рахIаталдаса разилъичIого, «ВатIан, ВатIан» абун, дун гIадин, ахIдолеб букIун буго. ВахI, кинаб ватIангIаги гьалъул бугоян балагьилин, бетIергьанчияс гьеб биччан тун буго. ХIинчI рещтIун буго зазил гIанкIваялда тIад гьабураб хIотол бусада. Дида лъала дир ватIан заз гуро... Дун гордухъан къваридго валагьун вуго гьелъухъ. - Щайха мун ватIаналде нахъвуссунарев? - ан гьикъана дица. - КватIана. ГIолохъанаб мехалъ ватIаналъе дица хиянат гьабуна. Дица гьелъие ракI кьечIо. Гьанже, херлъараб мехалъ дир рукьби гьелъие щай?..
...Парижалдаса вуссараб мехалъ, дица гьаб кинабго хабар художникасул гIагарлъиялъе бицана. Къваридго гIенеккана гIагарлъи гьелъухъ. Бищунго цIакъ гьел къварид гьаруряб жо ккана гьадинаб: гьез дида гьикъана, кинан нуж цоцада кIалъаралан. Дица абуна таржаман вукIанин. Дов паранг мацIалъ, дун гIурус мацIалъ кIалъанилан. Гьеб мехалъ магIарул художникасул эбел, хварав васасул молоде гIадин, кьулана гIодое... Рагьдухъ балеб букIана цIад. Парижалда вукIана рахьдал мацI кIочарав, кIудияб букIаниги цIакъго гьаримаб гьунаралъул вас. - Дир вас ватIаларо, Расул, гьев. Дир васасда дица малъараб магIарул мацI кIочене гьечIо, - ян абуна эбелалъ.

**Цоги хабар дир гIумруялдаса.** Дун доб мехалъ МагIарул театралда хIалтIулев вукIана. Гъуждузда, хIамузда декорациялги лъун, унаан ниж цо мугIрул росулъа цоги росулъе, пьесаби хIазе. Дида гьанжеги гIемер ракIалде щола гIагараб театралда бараб сон.

**Дун вукIана артист. Авар театр,**
**Мун гьабсагIаталда щиб росулъ бугеб? ЦIорорал кулабахъ квачараб кьиндал**
**Кин Италиялъул пьеса хIалеб?**

РикIкIада мугIрул росулъ хIалеб букIана магIарулазул некIсияб гIумруялдаса босараб «МагIарулал» абураб пьеса. Гьениб дир роль букIинчIо. Дун, будкаялъувги кIусун, суфлерлъи гьабулев вукIана. Дие, гIолохъанав поэтасе-суфлерасе артистазул хIаялдаса гьез авторасул текст мухIканго аби кIвар бугеб букIана. Цоници артистас цоници рагIи мекьи абуни ялъуни гьоркьоб тани, дица гьеб, будкаялъусаги ваккун, кибего залалде рагIизабун абулаан. Пьесаялда букIана сцена: бидвиххун мугIрузде арав багьадур Айгъази сардилъ росулъе жиндирго йокьулелъухье вуссунев. Йокьулелъ гьев, мун чIвазе вугилан, нахъе витIулев вуго, амма Айгъази буртинаялъукье гьудулги ячун, гьейгун, балеб цIадакь жиндирго гIишкъуялъул, къварилъиялъул хIакъалъулъ бицунев вукIана. Залалда йикIарай артистасул чIужу, гьеб мехалъ щцидакь яхъун, сценаде нахъе ана ва росасде хьандезе лъугьана. Рос, гьей гIодой йиччазайизе, сценаялда «йокьулейги» тун, кулисазде нахъе ана цо минуталъ. Амма лъадуца, хурхун тIадгун, тIокIав гьениве виччачIо. Гьеб мехалъ, будкаялъусаги вахъун, дирго гьанжесеб костюмалъулъ дицаго абуна йокьулей Бахуда пьесаялда рекъон абизе кколел киналго рагIаби. Ралагьарал цо-цояз трагедия комедиялде буссун батизеги бегьула. Амма киназдаго пьесаялъул хIасил бичIчIана. Гьеб букIана дие бищун кIвар бугеб жо.

Бельараб, бежулеб гIадин цоги мисал бачинин. Гьебго театралда хIалтIулеб заман букIана. Дун щвана тIоцебесеб нухалъ борхатаб Гъуниве. Поэт поэтасухъ гурони кивха рещтIинев! Дица гьобол лъи цевехун ви-

хьун вукIинчIев, амма рагIарав магIарул кочIохъанасда бана. Гьесул рокьоб хважаинасги хважаинасул недегьаб хьизаналъги дие кIудияб, дун нечараб хIурмат гьабуна. Хасго кIочонаро поэтасул эбелалъул лъикIлъиги гIаданлъиги. Иналде цебе кин гьал гIадамазе, хасго эбелалъе баркала кьелаян лъаларого вукIана дун. Дида лъалаан васасе реццгIан эбелалъе рекъолеб дарман гьечIолъи. Дун кIкIвен-кIкIвениялда, кIудияб гьунаралъул бетIергьан вукIинчIониги, гьалъие «дур вас цеветIурав кочIохъан вугилан» веццизе лъугьана. ЦIодорай эбелалъ, бахIарчияй магIарулалъ дида абуна: - ЦеветIуравги ватизе бегьула, амма гьунар гьесул дида лъаларо. Нужеда бичIчIулеб гьвaридаб магIна гьениб бугебищанги лъаларо, амма дида, кигIан цIаланиги, бичIчIуларо. Васасда тIоцебе мацI лъараб мехалъ, букIана дие бищунго кIудияб рохел. КечI хвалеб мехалъ, Аллагьас щаяли, гьев гьелдаса махIрум гьавулев вуго... Абула, руччаби гIодо рукIаралъуса тIаде рахъунеб мехалъ, гьезул гIакълу, квенчIелалда букIун, гIодобе бортулилан. Дир васасул мацI кванил столалдаса хIалтIулеб столалде щвелалде хун батула. Гьеб дие кепаб хIакъикъат цIакъ кваридго бицана магIарул эбелалъ. Гьебги ракIалдещун, Аллагьасда дица гьарулеб буго, гьаб тIехь хвалеб мехалъ, дун махIрум гьавуге гIагараб мацIалдасаян. Кье дие къуват эбелалдаги, яцалдаги, щивав магIаруласдаги баянго бичIчIуледухъ хвазе. Къабуллъуге, рекIунге дида дой магIарулалъул гIасияб хьандей, нагIана. Гьелдаса захIматаб дие щибго букIине гьечIо. ГьитIинго росулъе гьалбадерие яги гьадинго годекIабахъ, мажгиталъул кIалтIа дица, шавкъ щун, ракIалдасан цIалулаан жеги къватIире рахъинчIел инсул кучIдул. Цо-цо гьел жамагIаталъе цIалулеб бакIалда вукIунаан эмен. Цо нухалъ дица цIалулеб букIана «БацI чIвай» абураб кечI. Дица, цIакъго лъикI цIалулебан ккезе «БацI, ЦIада» абулеб мехалъ, «цI» цаби цIунцIрахинеб хIалалъ кьан абулаан. Инсуца чанго нухалъ абуна гьеб гьаракь тамахго, эркенго, хIал гьабичIого абеян, гьеб я хъурулеб цIам гурин, я цабзаз бекулеб цIулакьо гурин, я бухулеб ражи гурин, я бекьулеб хур гурин. Амма дихъа кинго инсуца мальухье абун бажарулеб букIинчIо. Инсул рахIатхвана гьелъ. Гьев тIохил рагIалда чIун йикIарай эбелалде ахIдана: «ДуцагIаги малъе гьесда «бацIги», «цIадги», «цIерги» кин абизе кколебали», – ян. Эбелалъ тамахго, хIеренго абуна. Дица нахъеги дирго къагIидаялъ абуна: гьедин мацI хвезабурав жалакьурисев дица жулица вухун вукIана, дуда щиб гьабилебали лъалариланги абун, эмен щцидакь нахъе ана.

Инсуца жалакьурисев вухарав куц. БукIун буго гьоркь букIарабги тIагIараб, тIадеги щибго щвечIеб ихдалил базаркъо. Басрияб лъухьизе, цIияб бакIаризе букIине цо жул босейилан, базаралде унев инсухье мадугьалас цо гIабаси гIарац кьун буго. Жул босун хутIаралъухъ дуего пихьги босейилан. Эмен доб мехалъ жеги михьида хIур хъвачIев чи вукIун вуго. Щун вуго базаралде, тирун вуго, ватун вуго цо жулал ричулев чи. Инсуца жулазда гьорлъа жулги бищун, гьикъун буго:

- Бичулищ? - Бичула.
- Багьа?
- КIиго гIабаси.
- Уяб жойищ?
- Уяб жо.
- Махсара батила?
- РегIун гьечIо.
- Цо гIабасиялдегIаги кье.
- Кьеларо.
- Дихъ цо гIабаси гурони гьечIо,
- Бугеб мехалъ вачIа.
- Кье, ле...
- Ле, вас, дие дараналъе лазатбахъи гьабичIого, бухьизе гьабе...

Вильлъун вуго эмен хьасулаго щибго букаричIеб гъванщагун, бихьун буго гьасда, базарги тун, тIадехун ругел хьирабазде ракIарарал яльуни гьенире, базарги тун, унел босулелги бичулелги.

- Щиб гьаб?
- ХъахIаб росулъа МахIмудица буго кечI ахIулеб... Вортиларищха эмен. Цо аралъ кIиго тун, кIанцIун вуго гьав михьида кверги бахъун, кечI ахIулев гIишкъул шагIирасде цеве. Цин пандурги хъван, хадуб гьеб- ги накалда базабун, тIамулел рукIун руго гIишкъул бакънал, гIалам хIайран гьабулел. Халкъ гIенеккун буго гIажаибго хIайранго гьесухъ, боржунеб тIотIолцин сас рагIулеб куцалъ. Мехтаралцин ригьун руго. Цо кIудияв чияс вас, кечI ахIулеб мехалъ хьегIунилан, хъатица кIалги чIван, нахъе витIун вуго... Амма цо жалакьурисев - женаз восун аяв, - кечI ахIулеб мехалъ, гьоркьо-гьоркьоб гьалъул-долъул бицун, гаргар гьабизе лъугьун вуго. Гьев, кечI ахIулаго, кочIохъанги чIезавун, жиндаго лъалареб мацIалъ гьаб чIван, доб чIван, цIекIаб кIичIардиги гьабун, гьенир аскIор рукIарал гIурусазе, лъарагIазе бицине лъугьун вуго. Инсуда гьесул накъит чIалгIун буго, гьесда чIаян гьарун буго. Амма чIухIарав жалакьурисес гьесухъ гIинтIамун гьечIо,

Щибдай гьесда гьабилаян лъаларого вукIарав инсуда аскIов чIун вихьун вуго дов, даран данде ккечIев, жулал ричулев чи. Вортун ун, инсуца гьебсагIат цо кIудияб гIадаб жулги босун, жваргъи бахъинабун буго жалакьурисесул гIадалъ, дуца щай мацI хвезабулеб, нацIиланги абун.

- Ле, вас, мун гIажалалде гъун вуго, - ян нахъе-нахъе къан вуго жалакьурисев.
- Гьаб мухъ те дуца,-янги абун, инсуца, хIурги кIутIулаго, хьамун вуго гьев. Халкъалъ инсуе баркала кьун буго. Бакъналги гIорал гIадин чвахун руго. Хадуб, кечI лъугIараб мехалъ, эмен жулазул бетIергьанасухъе, жулги босун, вачIун вуго. - КIваричIо, босе, - ян абун буго гьес. - Дир гIабаси гурони гьечIо.
- ЧIобого босе.
- Кин?
- Дуца гьабураб хIалтIи дир киналго жулазул багьаяб буго, - ян абун буго жулазул даранчияс. Гьелъцин гуродай дир инсуца, некIсиял сурукъал ишазде данде хъвараб жиндирго тIехьалда цIар «ГIадатазул жул» абун лъураб? МагIарулаз лъикIаб рагIул хIакъалъулъ абула: гьаб рагIухъни чу кьезе бегьилин кьоло-гъолонан.

**Блокноталдаса:** Дунялалдаго речIчIухъ лъугьун, щуцIул чIел босарав Дагъистаналъул магIарулав, дир мадугьал - ГIали ГIалиев Турциялда гьезул речIчIухъангун гугаризе ккун вуго. ГIали ГIалиевас гьев, киналго мукIурав турказул речIчIухъан, черхалдаса бахъун рачел гIадин, гIодов лъун вуго. Къеялъ щин бахъарав турказул речIчIухъан кутакалда семизе лъугьун вуго. ГIалиги хIикмат гьавун, гьев магIарул мацIалъ семун вуго. Туркав хIикмат гьавун, ГIалицаги щай семулеван гьикъун буго гьесда магIарул мацIалъ. ГIагараб мацIалъул рагIаби рагIарав «туркав», щинги кIочон, вохун валагьун вуго гьесухъ. Гьев вукIун вуго Шамил асир гьавун хадув Турциялде арал магIарулазул хьизамалъул кьибилалъул цIияб кьералъул чи. КIиявго речIчIухъан хадур лъикIаб гьудуллъиялда ратIалъун руго…

# Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ
# ЦО-ЦО БАЯНАЛ

КучIдул гьаризе Расул ХIамзатовас байбихьана ичIго сон баралдаса. Гьесул тIоцебесеб тIехь басмаялда бахъана 13 сон гьес бараб мехалда. АнцIила лъабго сон гьес бараб мехалда байбихьана гьесул кучIдул республикаялъул «МугIрузул большевик" газеталда рахъизе. ТIоцебесеб тIехь басмаялда бахъана 1943 соналда. Расулил гIицго 20 сон букIана гьев СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун восараб мехалда. Гьелдаса нахъе авар, Дагъистаналъул ва Кавказалъул миллаталъул ва хадур дунялалъулго мацIазда рахъана гьесул кучIдузул, прозаялъулал ва публицистикаялъулал асаразул тIахьал: "Дир ракI мугIрузда буго", "Гьудулзаби цIуне", "Къункъраби", "Рорхатал цIваби", "Хъвай-хъвагIаял", "Ахираб багьа", "ГIахьалаб чед", "Концерт", "Кини ва гьансито", "ГIумруялъул гьоко", "МугIрул ва гIатIилъаби", "ЦIваялда цIва буго кIалъай гьабулеб", "МагIарул къиса", "Къо бащалъукь щобда Дагъистаналда", "Дир Дагъистан", "КIиго щал", "Сонетал", гIемерал цогидалги.

***

Расул ХIамзатовасул кучIдул гIурус мацIалде руссинаруна Сельвинский ва Городецкий, Обрадович ва Звягинцева, Липкин ва Нейма гIадал гьунар бугел ва машгьурал рагIул устарзабаз. Хасго гIемер гьесда цадахъ хIалтIана гьесул гьудулзаби-поэтал: Гребнев, Козловский, Хелемский, Солоухин, Николаевская, Рождественский, Вознесенский, Мориц ва цогидалги. Жиндицаго Расулица магIарул мацIалде руссинаруна Пушкинил, Лермонтовасул, Маяковскиясул, Некрасовасул, Шевченкол, Блокил, Есенинил поэмаби ва кучIдул. Пушкинил заманалъул поэтазул, гIарабиязул поэт ГIабдулгIазиз Хаджал ва цогидазулги кучIдул.

***

Расулил кучIдул цIалула Совет Союзалъул, Россиялъул ва Дагъистаналъул машгьурал артистаз: Михаил Ульяновас, Александр Завадскияс, Яков Смоленскияс, Андрей Лазаревас, Василий Ланововас, Руфина Нифонтовалъ, МахIмуд ГIабдулхаликьовас, Фаина Графченкоца.

***

Расул ХIамзатовасул поэзиялъул вечерал батIи-батIиял заманабазда тIоритана МахIачхъалаялъул театразда ва "Динамо" стадионалда, Москваялъул концертазул залаздагун театразда, "Лужникиялда", Софиялъул, Варшаваялъул, Будапешталъул чIахIиял залазда.

Ленинградалъул операялъул ва балетазул театралда бихьизабуна ХIамзатовасул поэмаялда хъвараб "МагIарулай" балет, Петербургалъул КIудияб театралда бихьизабуна спектакль "Дир Дагъистан", МахIачхъалаялда Аваразул музыкалиябгун драмаялъул театралда рихьизаруна "Дир ракI мугIрузда буго", "Эбел цIуне", "МагIарулай" ва цогидалги спектаклял, Расулил поэмаялда рекъон лъураб "МагIарулай" спектакль бихьизабуна СССРалъул гIемерал театразул сценабазда.

# Балъхъадерил хъаладухъ ккараб балагь

*1920-1921 соназда советияб хIукуматалде данде рахъиналъул тарихалдаса*

1920-1921 соназда советазде данде гьабураб восстание кьинабиялъул мурадалда гьарурал аслиял гьужумазулъ гIахьаллъулеб аслияб къуватлъун букIана XI армиялъул 32-абилеб кьвагьдохьабазул дивизия. Гьеб Бакуялдаса Дагъистаналде рехана 1920 соналъул лъабабилеб ноябралда. Дивизиялъе нухмалъи гьабулеб букIана Александр Тодорскияс. Дивизиялда гьорлъе унаан рекIаразулгун мугIрузул батареягун цадахъ рекIаразул бригадаги, 282-абилеб ва 285-абилеб кьвагьдохьабазул полкалги. Гьеб къуват бачIинахъего битIана магIарухъе, ХIоцоса Нажмудинил аскаралде данде кьеркьезе. Дивизиялъул авлахъалъулаб штабалъул разведкаялъул баяназда рекьон, дандечIаразул гьеб заманалда букIана 10 азаргогIанасеб хечгун хвалченги, чамаги мухIканлъичIеб къадаралда пулеметалги, ункъо гIарадаги. Нажмудинил аскаралъухъ букIана Темир-Хан-Шура районалда Генуб росу. ГьаракIуниб букIана анлънусгониги хечги 100 хвалченги, кIи-кIи гIарадаги пулеметги. ЧIалда-Могьохъ-ХIоцо мухъалда букIана 500 штыкги, 200 хвалченги, кIиго пулеметги бугеб кьокьа, БуцIра-Шагьада - нусгогIанасеб хеч. МагIарухъа КIахетиялде унеб нухккун хIалтIулеб букIана полковник ГIумар Пираловасул нухмалъиялда гьоркь 400 хечги 300 хвалченги бугеб кьокьа. Лъахь-Гьонохъ мухъалда - Кучраса Ибрагьим-ХIажил нухмалъиялда гьоркь 200 хечгун хвалчен. ХIоцоса Нажмудиницаги Хьайтмаз ГIалихановасги ккун рукIана ГIободаги ТIанусиги росаби - гьезухъ букIана 1000 хечги кIиго пулеметги ва цо гIарадаги. Дагъистаналда советазде дандечIаралгун кьеркьеялъе кумекалъе ичIабилеб ноябралда Чачаналда, Грозныялдаса Ведено хъаладухъе ва хадубккун Болъихъе гьужум гьабиялъул мурадалда, битIана Кавказалъул захIматалъул армиялъул бутIалъун кколеб Революциялъулаб гIадлуялъул рахъалъ мисалияб тIоцебесеб кьвагьдохьабазул полк. Веденоялда цо чанго кьоги бан, гьенив нусгогIанасев багIарармиялъулавги тун - цоял унтун, цоял хIатIида гIицIго рукIиналъ - полк бахъана Болъихъехун ва 16 ноябралда, кинабгIаги дандечIейги батичIого, гьенибе жанибе лъугьана. КIиго кьоялдасан полкалъул комиссар Аузенил нухмалъиялда гьоркь кIиго ротаги пулеметалъулаб командаялъул цо кьокьаги ана Муни росулъе — муридзабазухъа кIиго гIарада бахъиялъул мурадалда. Кьокьабго кьвагьдеялдаса хадуб Муни росу ккуна гьез, амма муридзаби цадахъ гIарадабигун нахъе кьана ГIортIаколо росулъехун. БагIарармиялъулазул хьвадачIвади букIана бергьенлъи босарал аскариязда релълъараб: гьез гьоркьлъалие росана гIадамал, гIемерисел магIарулазухъа бахъана ярагъ, Муни росдал жамагIаталда тIадаблъун гьабуна кванил нигIматаздалъунги чуязе хералдалъунги аскариял хьезари. «Мисалияб» полкалъул рагъухъабаз, жидее бокьа-бокьараб гьабизе ихтияр щванилан абун, зулму гьабун рахъулел рукIана гIадамазухъа кванил нигIматалги рукIа-рахъиналъул алаталги, гьединлъидал халкъалъулги гьездехун бижана рокьукъаб асар. Гьайгьай, идеологияб кьучIалда, багIарармиялъулазул гьединаб хасият букIин дол соназда кибниги загьир гьабулароан, амма архивазул хIужабаздаса баянлъулеб буго большевиказул хIукуматалъе гIоло кьеркьолезул лъикIаб гьечIеб хасият букIинги. Масала, Дагъистан областалъул бюроялъул вакилас 1920 соналъул сентябралда Кавказалъул бюроялде битIараб докладалда бицунеб буго «лъабго шагьаралда гIуцIарал хасаб мухъалъул кьокьабаздаги хьинтIараб гIаммаб гIадлу гьечIолъиялъулги букIине кколеб низамалъул бицун гьезие дарсал кьунгутIиялъулги» хIакъалъулъ. 1920 соналъул 16 сентябралда Дагъистаналда вукIарав рагъулаб комиссиялъул председателас XI армиялъул штабалъул начальникасухъе хъвараб № 64 рапорталдаса баянлъулеб буго, «Дагъистаналъул цолъизабураб бригадаялъул халгьабураб мехалда, загьирлъана гьелъул рагъухъаби лъутиялъул гIемерал хIужаби: тIоцебесеб кьвагьдохьабазул полкалдаса лъутун вуго 144 чи (14 процент) ва кIиабилелдаса - 336 чи (60 процент)». Гьединал мисалал гIемер руго, ва Муни росулъ рукIарал «мисалиял» багIарармиялъулалги ккола гьединаздаса цоял. «Гьелдаса хадуб 250 хечги лъабго пулеметги бугеб кьокьа лъугьана Гъоркькколо росулъе, гьеб кIиго гIарада бахъиялъул мурадалда. Гьеб кьокьаялъ, тушманги виххизавун, босана ГIортIаколо росу ва байбихьана, гIарадаби ратиялъул мурадалда гьеб хьирщизе. Кьокьаялъ букIине кколеб куцалда хьаравулзаби тун рукIинчIо, гьединлъидал, лъазего лъачIого, тушман ккана гьезда нахъехун (тылалда) ва, Муни росдал гIадамазул кумекалдалъун, Болъихъе тIад руссине нух кьана гьелъие. Кьокьаялъухъа бажаричIо гьениса рорчIизе ва тIубанго щущахъ биххизабуна гьеб. Болъихъа кумекалъе битIараб ротаги тIадбуссана, икьбал ккечIого». Кьокьа хвеялъ квешаб асар гьабуна Болъихъ хутIараб полкалъул бутIаялъе. Гьелъул чаракъосиналдаса пайдаги босун, муридзаби гьужумалъе рахъана ва къаси сверун ккуна хъала. Хадубккун чIаго хутIарал багIарармиялъулаз бицунеб букIана, муридзаби рукIанила гIезегIанго гIадлунизам цIунараб ва пулеметалгун гIарадаби кодосеб регуляриб аскаралда релълъун. КIанцIизе бакI гьечIеблъи бичIчIарал хъаладухъ рукIарал солдатаз хIаракат гьабулеб букIана жалго хвасарлъизе. Полкалъул командирзабазухъа бажарана бакIалъул гIадамазул цо чангояв муридзабазул штабалде ритIизе ва гьезда лъазабуна, гарнизоналъ дандечIей гьабизе гьечIин ва, казенниияб кьайиги жибго тун, жалго хIадур ругин, кодоб ярагъгун, Дагъистан тун нахъе инеян. МагIарулазул нухмалъиялда вукIарав полковник МухIамад ЖахIпаровас гьеб гьари къабул гьабичIо. Гьес абуна, багIарармиялъулаз ярагъ тезе ккелин ва хьаравулзабаз сверунги ккун, гьел чIаго-гIатIго ритIизе ругин рагъ бугеб бакIалдаса нахъе. Гьезул гIумруялъе кинабгIаги хIинкъиги букIине гьечIин. Гьединаб жавабгун делегатал тIадруссана хъаладухъе. Къаси хъаладухъ букIана команди- разул данделъи. Бицана бугеб хIалалъул хIакъалъулъ. Хадусеб кьоялъ радал полкалъул командирасул кумекчи Ленорскийги цоги командирги ана магIарулазухъе ва М. ЖахIпаровасда абуна, жал рази ругин хъала кьезе ва, полковник Жамалудин Шамилевасул нухмалъиялда гьоркь вукIарав 10 магIарулавгун цадахъ тIадруссана хъаладухъе. Гьел вакилзабазул гIахьаллъигун полк бакIарана ва гьелъул аскариязда лъазабуна, ярагъ кьуни, чIаго Россиялде тIадруссине рес кьелин абун. РукIана гьелда дандечIарал цо-цоялги, амма полкалъул командир Фурманица гьабураб кIалъаялдаса хадуб гьеб хIукмуялда тIадрекъана киналго. Гьеб заманалде хъаладухъе рачIана полковник М. ЖахIпаровги, шайх Сиражудин-ХIажиги, Дарбиш МухIаммад ХIажиги ва магIарулазул аслияб къуватги. «БагIарармиялъулал ракIарана цо рокъор ва тушманасул вакилзабаз гьел цIунулел рукIана жанире кIанцIун рачIунел тушбабазул цогидал солдатаздаса, амма хадубккун хъала цIезабуна тушманасул къуваталъ. Гьезда цадахъ рачIарал повстанцал минаялда жанире рорчIана ва, хьаравулзабиги нахъегIан къазарун, багIарармиялъулаздаса ретIел цIацIазе, гьезде кьвагьдезе, гьел чIвазе байбихьана. БагIарармиялъулазул цо-цоязухъа бажарана, битIахъего толохIочон, гьеб кьалдаса лъутун рорчIизе». Хъаладухъ рукIараздехун букIана цIакъ кIудияб рокьукълъиги щинги, гьединлъидал цо-цо магIарулазул ахIуца гьалаглъизарурал гIадамал чIезари бажарулеб къуватго букIинчIо. Доб заманалъул чиясул баяназда рекьон, «хъачагъазул аслияб бутIаялъ багIарармиялъулал хъамал гьарулел ва чIвалел рукIана, жидер нухмалъулезул ахIул санги гьабичIого». Болъихъ вукIана 600-700-гIанасев багIарармиялъулав, гьезухъ букIана ичIго пулеметги, щивав рагъухъанасухъ кодоб – 50-60 патронги, полкалъул нахърателалда – 11000 гуллаги пулеметалъул патирабазул 50 чалуги. Гьеб кинабго щвана повстанцазул кьокьабазухъе. Балъхъадерил хъаладухъ ккарал пашманал лъугьа-бахъиназул хIисаб гьабулаго, абизе ккола, гьезул хIакъалъулъ советиял гIалимзабаз бицунеб букIана, гьеб иш «понцIозабун», ай кIодо гьабун. Масала, МухIамад КIичевас гьадин хъвалеб буго «бахIарчияб» полк хвеялъул хIакъалъулъ: «1920 соналъул 16 ноябралда Революциялъулаб гIадлуялъул рахъалъ мисалияб кьвагьдохьабазул полкалъ, рагъго гьабичIого, босана Болъихъ росу. 18 ноябралда Революциялъулаб полкалъул бахIарчияб гьужумалъул хIасилалда босана Муни росу ва, нахъекъалев тушманасда хадубги лъугьун, эркен гьабуна ГIортIаколо росу. Амма Муни-ГIортIаколо ракIарарал хъачагъазул кIудияб аскаралъухъа сверун ккун бажарана Революцияб полк. Гьеб, къуват бащалъулареб рагъулъ кьокьаялъул цо бутIа гъурана, ва чIаго хутIарал рагъухъабаз нух бахъана Болъихъехун. Кьалул майданалда бахIарчияб хвел босана полкалъул комиссар Аузеница», - ян. Архивалъул гIемерал тIанчал гелун ратила гьеб макъалаялъул авторас, темаялда тIад хIалтIулаго, амма лъугьа-бахъиналъул хIужаби гьес кьолел руго, доб заманалда киса-кибго тIибитIун букIараб идеологиялъул мурадалги цIунун. Кавказалъул ЗахIматалъул армиялъул политотделалъул отчеталдасаги аскаралъул Дагъистаналъул группаялъул командующий А. Тодорскиясул ракIалдещвеяздасаги лъала Муни росу босарал багIарармиялъулазул хъамалчилъиялъги нахъегIанаб гIамалалъги бакIалъул халкъалъулъ жидедехун рокьукълъи бижизабураблъи. Цересел «цIехрехазулъ» гIадатлъун лъугьун букIана комиссаразулги багIарармиялъулазулги «бахIарчияб хвел» бихьизаби. Гьезде дандечIарал ва цIияб хIукумат къабул гьабичIел рихьизарулел руго «гIалхулал жанавараздa релълъарал хъачагъаллъун». Гьединал «мухIканал» баянал кьолел цIех- рехчагIаз тарихиял хIужаби баян гьарулаан жидеего рекъонкколеб хIалалда ва хIаракатги гьабулаан гIелмуялда церехьабилъун рихьизаризе. Хунзахъа хъаладул комендантлъун вукIарав Григорий Руденскиясул пикруялда, «полкалъул нухмалъулезул гьалатIлъун букIана, Болъихъ росу ккун хадуб, жалго рещтIараб бакI щула гьабиялде кIваркьунгутIи, Муни, ГIортIаколо ва цогидал росабалъе разведкаги битIун, жидерго къуват лъедерлъизаби»-ян. Гьединлъидал, ай чIванкьотIарал ва щвалде щварал тадбирал гьарунгутIиялъул, полкалда низам гьечIолъиялъул, бакIалъул халкъалъул рукIа-рахьин лъангутIиялъул хIасиллъун ккола тIолабго полк гъури. Гьеб лъугьабахъиналъ лъикIаб гьечIеб хIал лъугьинабуна БагIараб Армиялъул бутIабаз Дагъистаналда тIоритIулел рукIарал гIаммал операциязул хIасилалъеги. Гъунибги Хунзахъги цIидасан ккана Нажмудинил аскаралъул кверщаликье.

**(Архивалдаса босараб)**

## ПРАВИТЕЛЬСТВО РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
# ПОСТАНОВЛЕНИЕ
от 12 мая 2021 г. №103 г. Махачкала

## Об оказании государственной социальной помощи на основании социального контракта на территории Республики Дагестан

### Условия оказания государственной социальной помощи

1. Государственная социальная помощь оказывается малоимущей семье, малоимущему одиноко проживающему гражданину и иным категориям граждан, предусмотренным Федеральным Законом от 17 июля 1999 г. №178-ФЗ "О государственной социальной помощи", которые по не зависящим от них причинам имеют среднедушевой доход ниже величины прожиточного минимума, установленной в Республике Дагестан для соответствующих социально-демографических групп населения, на момент обращения за государственной социальной помощью (далее- граждане (заявители).

**2. Не зависящими от граждан причинами признаются:**

а) инвалидность (кроме инвалидности III группы) одного или нескольких членов семьи-для малоимущей семьи;
б) нетрудоспособный возраст одного или нескольких членов семьи (до 16 лет включительно, а также достижение возраста, дающего право на страховую пенсию по старости)-для малоимущей семьи;
в) доход одиноко проживающего гражданина от работы по трудовому договору и (или) договору гражданско-правового характера при учете в совокупном доходе гражданина обеспечивает уровень средне душевого дохода ниже величины прожиточного минимума малоимущего одиноко проживающего гражданина-для малоимущего одиноко проживающего гражданина;
г) доход трудоспособных членов семьи от работы по трудовому договору или договору гражданско-правового характера при учете в совокупном доходе семьи обеспечивает уровень среднедушевого дохода ниже величины прожиточного минимума малоимущей семьи в расчете на одного члена семьи-для малоимущей семьи;
д) регистрация одиноко проживающего трудоспособного гражданина, трудоспособных членов семьи в качестве безработного (ых) в соответствии с законодательством о занятости населения;
е) обучение одиноко проживающего малоимущего гражданина, трудоспособных членов малоимущей семьи в профессиональной образовательной организации и (или) образовательной организации высшего образования по очной форме обучения;
ж) уход за ребенком в возрасте до 3 лет, входящим в состав семьи,-для малоимущей семьи;
з) уход за инвалидом I группы (за исключением инвалидов с детства 1 группы), а также престарелым, нуждающимся по заключению лечебного учреждения в постоянном постороннем уходе, либо достигшим возраста 80 лет,-при условии получения ежемесячной компенсационной выплаты в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 26 декабря 2006 г. №1455 "О компенсационных выплатах лицам, осуществляющим уход за нетрудоспособными гражданами";
и) уход за ребенком-инвалидом в возрасте до 18 лет или инвалидом с детства I группы-при условии получения ежемесячной выплаты в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 26 февраля 2013 г. №175 "О ежемесячных выплатах лицам, осуществляющим уход за детьми-инвалидами и инвалидами с детства I группы";
к) **наличие в семье трех и более несовершеннолетних детей;**
л) **отсутствие вакантных рабочих мест на территории населенного пункта по месту жительства.**

При наличии в составе малоимущей семьи более одного трудоспособного члена семьи причина, указанная в подпункте "ж" настоящего пункта, применима только к одному из них независимо от числа детей в возрасте до 3 лет в семье заявителя.

**К заявлению также прилагаются следующие документы:**

а) копии паспортов или иных документов, удостоверяющих личность заявителя и членов семьи;
б) копия свидетельства о рождении ребенка (детей) (представляется в случае отсутствия сведений в Едином государственном реестре записи актов гражданского состояния), в том числе выданного (ых) компетентными органами иностранного государства, и их нотариально удостоверенный перевод на русский язык-для семей с детьми;




в) копия свидетельства о регистрации (расторжении) брака заявителя и членов его семьи (представляется при отсутствии сведений в Едином государственном реестре записи актов гражданского состояния);
г) копия, справки, подтверждающей инвалидность, выдаваемый федеральным государственным учреждением медико-социальной экспертизы (врачебно-трудовой экспертной комиссией) (представляется при отсутствии доступа к федеральной государственной информационной системе "Федеральный реестр инвалидов")-в случае если в семье имеется инвалид;
д) копии правоустановляющих документов, подтверждающих право собственности заявителя на жилое помещение, право на которое не зарегистрировано в Едином государственном реестре недвижимости;
е) копия правоустановляющего документа, подтверждающего право собственности заявителя на замельный участок, право на который не зарегистрировано в Едином государственном реестре недвижимости-для лиц, которым предоставляется денежная выплата на ведение личного подсобного хозяйства;
ж) копия трудовой книжки-для неработающего трудоспособного заявителя и (или) неработающих трудоспособных членов семьи;
з) копии документов об образовании, прохождении профессионального обучения и переподготовки-для лиц, которым оказывается содействие в получении профессионального обучения или дополнительного профессионального образования;
и) соглашение об уплате алиментов на содержание детей в добровольном порядке, удостоверенное нотариально (при наличии);
к) копии документов, подтверждающих факт расходования средств, с целью постановки на учет в качестве индивидуального предпринимателя или налогоплательщика налога на профессиональный доход - для лиц, которым предоставляется денежная выплата на осуществление индивидуальной предпринимательской деятельности и ведение личного подсобного хозяйства;
л) реквизиты лицевого счета заявителя, открытого в кредитной организации.

ГЪУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев

А. Агъларов

Мухбирзаби:

ГI. МухIамадова

П. Дибирова

П. Камилова

М. МухIамадова

XI. XIасанхIажиев

Фотокорреспондентал:

К. Камилов

Ш. МуртазагIалиев

Корректор

П.МухIамадова

Наборщица

П. Эльдарова

Дизайнер

С. Камилова

*Индекс: 368970*

*Адрес:*

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

*Телефон:*

*Директорасул 8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*

*Тираж -600 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**



## Болъихъ централияб библиотекаялда Расул XIамзатовасул 98 сон тIубаялда хурхун тIобитIараб «Нижер Расул» абураб тематическияб дарсил лахIзатал

*Дунялалда цIар арав Дагъистаналъул чIухIи*
*РагIулъ магIна гъваридав, ЦIада росулъа гIакъил*
*РитIухълъи цIуниялъе калам пасихI гьабурав.*
*КочIол нух меседилав магIарулазул шагIир.*

*Тарихалда хасаб бакI меседил хIарпаз хъварав,*
*Дур гIасруялда рати нижер кIудияб талихI.*
*КочIолъ махщел бечедав, гьелъие хилиплъичIев*
*РагIулъ берцинлъи бугев гIакълу гъваридаб ралъад.*

*КъватIисел пачалихъал, цохIоРоссия гуреб*
*Дур камилал куплетаз, кочIодалъун квегъана.*
*Халкъалъул рукIа-рахъин лъикIго дуда бичIчIана*
*БецIлъиялде гурхIел тун кутакаб рагъ гьабуна.*

*МагIарул адабият дуца бечед гьабуна,*
*РагIул каламалъ сурат цебе чIезе гьабуна.*
*ЛъикIабщинаб бичIчIизе дур асараз малъана*
*Халкъалда цебе налъи ракI бацIцIадго тIубана.*

*Рахьдал мацI кIочон толел, пагьму мукъсанал нижер,*
*МагIарулалин абун цохIо цIар хутIун буго.*
*Пикру бегIерав шагIир гьарула тIаса лъугьа*
*МацI цIунизе яхI гIечIел авар наслабаздаса.*

**Карият Абдусамадовна**












ГIалимзабаз абулеб буго

# БИТIУН XIУХЬЕЛ ЦIАНИ XIАЛАКЪЛЪУЛА

РакIалде ккезе бегьула кьаралъи-хIалакълъиялдеги хIухьел цIаялдаги гьоркьоб кинаб бухьи букIунебилан.

ГIалимзабаз абулеб буго, хIакъикъаталдаги, гьеб цIакъ цоцазда бараб букIунилан. Гьез бицухъе, инсан кьаралъула чорхол кинаб бугониги кIвар бугеб лагаялъул хIалтIи нахъе ккедал, ялъуни лугбузул цоцазда хурхараб хIалтIи (функция) нахъе ккедал.

Черх битIун хIалтIула нилъеца щвалде щун гъваридго хIухьел цIалелъул. Гъваридго хIухьел босулеб бугони бидулъ цIикIкIуна кислород. Кислородалъ рухIула токсиналги беэнлъабиги. Токсинал чорхолъ гIемер рукIиналъ рачуна кьаралъиялдеги, тIомода гьоркь букIунеб клетчаткаялъул воспаление лъугьиналдеги. Гьединлъидал, нилъеего пайдаялъе ,кIвахIаллъичIого, щибаб кьойил гьаризе кколел руго хIухьел цIаялъул упражнениял.

Гьел гьарула чанго минуталъ. Цин санагIатаб къагIидаялъ гIодор чIела. МагIарзухъан гьуърузул бокIназде щвеледухъ гъваридго босила хIухьел. Лъабго-ункъго секундалъ чIела. Цинги, гьединго бигьаго, тIубанго къватIибе биччала.

ЛъикIаб букIуна гьел упражнениял рагьараб горда цебе, бацIцIадаб гьава бугеб бакIалда гьаризе. ЦIакъго цIорораб гьаваялъ унтизаризе бегьула. Чорхолъ кислород цIикIкIинаби гуребги, гъваридго хIухьел цIай жанисел лугбазе лъикIаб мисаллъунги ккола. Гьелъ щула гьарула каранзул ччорбал. Гъваридго хIухьел цIаялъ квербакъи гьабула нервабазул унтабаз унтаразеги. Черхалъе цIикIкIун кислород щола нилъеца физкультура гьабулелъулги, нилъ цIикIкIун рагъа-рачарулел руго-ниги.


# ОБЪЯВЛЕНИЕ

В целях внедрения в практику в сфере социального обслуживания населения проекта «Заботливый сосед», ГБУ РД КЦСОН в МО «Ботлихский район» информирует население о доступности услуг для одиноких пожилых граждан и инвалидов.

По возникшим вопросам просьба обращаться в наш Центр по адресу:
ул. Центральная 16
или звонить на номер горячей линии: 8989-663-80-43.

**ГБУ РД КЦСОН**


2009 соналъ Гъодобери СОШалъ Шейхисламова Мадина МухIамадовналъул цIаралда кьураб аттестат 05 АА 0070816 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

2013 соналъ АнсалтIа СОШалъ Сиражудинова Суайбат Сиражудиновналъул цIаралда кьураб аттестат 05 ЗБ 0001898 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

2013 соналъ Болъихъ №3 СОШалъ Ильясов Димахан Шамиловичасул цIаралда кьураб аттестат № 05 ОВ 007200 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

2007 соналъ Болъихъ №3 СОШалъ Бекбулатов ГIалибег МухIамадкъасумовичасул цIаралда кьураб аттестат
№ 05 АА 0014139 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

Районалда бугеб пенсионныяб фондалъул нухмалъулес ва киналго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Халидова **РАЗИЯТ** къадаралде щвеялда бан гьелъул хъизанагълуялда, гIагарлъиялда ва гьалмагълъиялда. Аллагьас алжан насиб гьабун рохизе гьарураздасан ятаги гьей мунагьал чураяй. Нахъе ругезе иманги сабруги кьеги щулияб.